

**PANEURAPAN MODEL *PROBLEM BASED LEARNING* PIKEUN
NGARONJATKEUN HASIL DIAJAR SISWA DINA SUBTEMA
NGOKOLAKEUN KAKAYAAN SUMBER DAYA ALAM DI INDONESIA**

(Panalungtikan Tindakan Kelas Ka Siswa Kelas IV SDN Cipeujeuh 01
Kecamatan Pacet Kabupaten Bandung)

ku

Ahmad Zaenal

135060301

ABSTRAK

Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK) ieu miboga tujuan pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa dina subtéma ngokolakeun kakayaan sumber daya alam di Indonesia ngagunakeun modél *problem based learning*. Panalungtikan ieu téh dikasangkutan ku kurangna hasil diajar siswa. Panalungtikan dilaksanakeun dina tilu siklus. Tiap siklusna aya dua kali pependak satiap pembelajaran. Anapon tina tahapan panalungtikan diantarana léléngkahan tina ngarencanakeun, ngalaksanakeun, observasi, jeung refleksi. Instrumen nu dipaké dina panalungtikan ieu téh mangrupa lembar observasi jeung lembar evaluasi hasil diajar siswa. Hasil Panalungtikan bakal nuduhkeun kana tumuwuhna hasil diajar siswa tina tiap siklusna. Dina hasil diajar siswa aya tilu bagéan nyaéta palebah kognitif, afektif jeung psikomotor. Dina palebah kognitif, siswa nu meunangkeun pérénna siklus I sagedé 53% kalayan katégori kirang, siklus II sagedé 72% kalayan katégori cekap, jeung siklus III sagedé 88% kalayan katégori tos sae pisan. Dina palebah afektif, siswa nu meunangkeun pérénna siklus I sagedé 56% kalayan kategori kirang, siklus II sagedé 69% kalayan kategori kirang, jeung siklus III sagedé 84% kalayan kategori sae. Dina palebah psikomotor, siswa nu meunangkeun péréna siklus I sagedé 53% kalayan kategori kirang, siklus II sebesar 69% kalayan kategori kirang, jeung siklus III sagedé 88% kalayan kategori sae. Salah sahiji hahalang dina panalungtikan ieu téh diantarana ngokolakeun waktu nu kirang efisien sangkan pikeun ngatutaskeun waktu, tiasa ku cara ngajukeun sababaraha patarosan wungkul jeung ngiberan kalayan singket. Tina panalungtikan éta tiasa disimpulkeun yén dina subtéma ngokolakeun kakayaan sumber daya alam di Indonesia kelas IV SDN Cipeujeuh 01 kucara ngagunakeun model *problem based learning* nu mampu ningkatkeun hasil diajar siswa.

Kata kunci : *problem based Learning*, Hasil Diajar, Hahalang, Upaya.